Қарақалпақстан Республикасы
мәлимлеме китапхана орайы

# «Қүдиретли қәлем ийеси»

(Абдулхамид Сулайман улы Шолпан
туўылғанының 120 жыллығына)
Методикалық қолланба

Нөкис-2017 жыл

# К И Р И С И Ў

Өзбек халқының әдиўли перзенти, шайыр, жазыўшы, драматург, аўдармашы, (Абдулхамид Сулайман улы Юнусов) Шолпанның усы жылы 120 жыллығы белгиленбекте. Усы мүнәсибет пенен республикамызда көплеген массалық иләжлар шөлкемлестирилмекте. Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме китапхана орайында да **«Қүдиретли қәлем ийеси»** атамасында методикалық қолланба исленди.

Қолланбаның биринши бөлими **«Шайырдың қаҳарманлығы»** деп аталып, бул бөлимде жазыўшының өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети ҳаққында сөз жүритиледи. Кейинги бөлимде **«Жәнe алдым сазымды»** атамасындағы кешениң методикалық жол-жобасы ҳәм басқа да илажлардың атамалары берилген. Ал қолланбаның соңында болса **«Өзбек халқының жарқыи жулдызы»** атамасындағы шөлкемлестирилетуғын китап көргизбениң методикалық жол- жобалары ҳәмде пайдаланылған әдебиятлардың дизими берилген.

## «Шайырдың қаҳарманлығы»

### Шолпанның өмири ҳәм доретиўшилик хызмети ҳаққында

Шолпан 1897 жылы Андижанда зыялылар шаңарағында дүньяға келген. Оның әкеси Сулайман Юнус улы (1874-1929) «Рәўа» деген лақап пенен қосықлар шығарған ҳәм оларды (девон) халқына жеткерген. Бирақ Андижанлылар «Мулла Сулайманкул баззаз» (саўдагер) деп атаған. Абдулхамит Сулайман улы Шолпанға әкесиниң тәсири тийген, сол ушын дөретиўшилик өнерине ол 16 жасларынан баслап айланысқан. Оның оқыўы, билим дәрежесине келсек, ол ескише оқыған, бурынғы Қоқан ханлығы аймағына қараслы медреселерде, оқып жоқары тәлим- билим алған. Кейинирек жергиликли орын мектеплеринен орыс тилин жетик үйренген. Нәтийжеде шайыр араб, парсы, ески туркий ҳәм орыс тиллерин ҳәр тәреплеме ийелеген.

Абдулхамид Шолпан оғада күшли талант ийеси еди. Лекин оның талантыда, дүнья танымыда, идеясы да Россия патшалығының Туркистан халықлары колониал дизиминиң езиўи астында, оларға деген ғәзеби, өшпенлилик көз-қарасында пайда болды. Өйткени революциядан бурын-ақ патша Россиясы ҳәм басып алған халықларды қулшылықтан шығармаўға қаратылған дүзимине сиясатына қарсы өзбек зиялыларының жасырын шөлкемлери ислеп турды. Оладың ағзалары Фитрат, Шолпан қусаған жадидлер еди.

Әдебий дөретиўшилиғи 1913-14 жылларда Андижанның сиясий ҳәм мәдений дөретиўшилиги ҳаққында хабарлар жазыў менен басланған. 1914 жылы Ташкентке келип М. Абдурашидхонов ва У. Хўжаев пенен танысыў Шолпанның миллий ояныў ҳәрекетлери пайда болыўына себепши болған. Шолпан «Садои Туркистон» ғазетасында дәслепки «Туркистонли қардошларимизға», қосығы, «Қурбони жаҳолат», «Духтир Мухммедиёр» гүрриңлери ҳәм «Адабиёт надир?» мақаласын жәриялап (1914), сол дәўирдеги белгили адамлар қатарынан орын ийелеген. Шолпанның әдебий мийрасы прозалық, драмалық, публицистикалық, әдебий- сыншылық мақалалар ҳәмде аўдармашылық тараўында үлкен классика дөретти. Шолпанның қосық шығармалары «Ўзбек ёш шоирлари», «Уйғониш», (1922), «Булоқлар» (1923), «Тонғ сирлари» (1926) ҳәм «Соз» (1935) топламларында, сондай-ақ түрли ғазета ҳәм журналларда жәрияланған. Олар идеялық-тематик жөнелислери бойынша 2 топарға бөлинеди. Олар таза лирика ҳәм экономикалық –сиясий лирикаға. Шолпанның «Кеча ва кундуз» (1936) романы өз дәўири ушын жаңалақ еди. Еле Орта Азия халықларын да қара сөз бенен роман жанрын дөретиў, дәстүр бола қоймаған бир ўақытта, оның үстине ол жанрды барлық талап дәрежесинде тартыў булардың ҳәммеси автордың кең диапозонлы талант билиминиң ийеси екенлиғин дәлийиллеп турды. Шолпан қайсы бир жанрда жазбасын, бәри бир, өз халқының қуллықтан қутылып,

өз алдына ғәрезсиз ел болып сиясий ҳәм экономикалық тәреплерден бийғәрезликте жасаўын әрман етип жазды.

Шолпан дөретиўшилигиниң әҳмийетли бөлегин публицистика қурайды. Ол «Йул эсдалиги», «Вайронлар орасидан», сыяқлы очерк ҳәм пудлицистик мақалаларында 20-жыллардағы ўақыяларды сүўретлеген. Шолпанның драматургия тараўындағы дәслепки излениўлери 1919 жылларға туўры келеди. Сол жыллары «Темирчи», «Гуноҳ», «Чўрининг исёни», сыяқлы кишкене сахна шығармаларын жазды. 20-жылдың басларында Шолпанның «Ёрқиной», «Халил фаранг», «Ўлдирувчи» (1921), «Севги ва салтанат», «Чўпон севгиси» (1922) пьесалары жүзеге келди. Шолпан «Турон» театрының директоры болған жылларында сахна өнери ҳәм дараматургия сырларын, сондай-ақ рус тилин пухта ийелени ушын 1924 жылы Москвада шөлкемлестирилген өзбек драма студиясына әдебий қәнийге етип жиберилди. Рус тилин билгени ушын ол рус ҳәм Европа драматургларының пьесаларын өзбек тилине аўдарып берди.

Шолпан әдебий қәнийге, драматург ҳәм аўдармашы сыпатында М. Уйғур менен бирге профессионал өзбек театрына тийкар салды. Шолпанның әдебият ҳәм көркем-өнер мәселелерине бағышланған дөретиўшилиги кишкене-кишкене мақалалардан ибарат болса да олардың айырымлары бағдарлаўшы әҳмийетке ийе. Шолпан әдебий мийрасының тийкарғы бөлимин аўдарылған шығармалар қурайды. Ол Москвада жасаган жылларында мүтәжликтен көпшилик өткен шығармаларды аўдарыўға мәжбүр болды. Бирақ соның менен бирге Пушкинниң (Борис Годунов, Дубровский), Гогольдың (Терғеўши), сыяқлы рус ҳәм басқа халықлар әдебиятының шыгармаларын үлкен шеберлик пенен аўдарып, заманагөй миллий аўдарма мектебине тийкар салды.

Шолпан ҳүкимет қадагалаўында жасағаны ушын оның көплеген қол жазбалары урланды. Ол 1937 жылда «халық душпаны» сыпатында айыпланып қамаққа алыныўы алдынан оның қол жазба шығармалары жағып жиберилген. 1937 жылы14 июльда қамаққа алынып көп өтпей атып тасланған.

Өзбекистан Республикасы ғәрезсизлик алғаннан соң Шолпанның өзбек мәдениятын раўажландырыў ҳәм халыққа миллий идеяларга садықлық руўҳында тәрбиялаўға қосқан үлеси жоқары баҳаланды. Шолпанға А. Наўайы атындағы Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик сыйлығы (1991) ҳәм «Мустақиллик» ордени (1999) берилди. 1997 жылы Шолпанның 100 жыллығы кеңнен белгиленип Андижанда Шолпан үй-музейи шөлкемлестирилди Тиллер педагогика институты ҳәм лицей Шолпан аты менен аталды. Өзбек миллий академик драма театрында Шолпан өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети ҳаққында сөз етиўши «Кундузсиз кечалар» (Усмон Азим шығармасы тийкарында) спектакль сахналастырылды.

## «Және алдым сазымды»

атамасындағы әдебий кешесиниң методикалық жол-жобасы

Мәлимлеме-китахана мәкемелеринде өткерилетуғын Абдулхамит Сулайман улы Шолпанның 120-жыллығына бағышланып **«Және алдым сазымды»** атамасында еслеў кешесин өткерсек болады. Бунда китапхананың оқыў залын өткерилетуғын кешеге жақсылап безеп, шайырдың сүўрети, оның дөреткен шығармалары сол орынға қойылады. Кешеге шайырлар, жазыўшылар, өзбек тили хәм әдебият пәни оқытыўшылар, журналистлер улыўма Шолпанның өмири хәм дөретиўшилигине қызыққан китап оқыўшылар қатнасса болады. Ҳәр бир кеше өткериўден алдын бағдарламалар ислеп шығылады, дағаза етиледи.

# «Өзбек халқының жарқын жулдызы »

атамасында китап көргизбесиниң методикалық жол-жобасы

Өзбек халқының атақлы перзенти, көрнекли драматург Абдулхамит Сулайман улы Шолпан 120-жасқа толып атыр. Бул сәнеге бағышлап мәлимлеме китапхана мәкемелеринде оның шығармалары тийкарында китап көргизбесин шөлкемлестириўди усыныс етемиз. Бул көргизбениң бас темасын «**Өзбек халқының жарқын жулдызы»** деп атадық. Бул китап көргизбемиз еки бөлимнен ибарат.

1-бөлим: **«Шолпан өмиринен бир көриние»** деп атап бул бөлимге шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилик хызметлери хаққында материаллар қойылса болады.

2-бөлим **«Шолпан аўдармашы»** деп атап бул бөлимге Шолпанның дөретпелери томлары, газета-журналларда басылып шыққан шығармалары, қосықлар топламы, публицистик мақалалары қойылады.

Пайдаланган әдебиятлар


1. Қуронов Д. Чулпон ҳаёти ва ижодий мероси. Тошкент: Ўқитувчи.-1997 .-80 б.
2. Ўзбекистон Миллий энциклопедияси. 9-жилд. Туйчи Ҳофиз- Шаршара. Тошкент: «Ўзбекистон Миллий энциклопедияси» Давлат илмий нашри. 2005.-704 б.
3. Чулпон ҳаётидан бир лавҳа // Ўзбекистон адабиёти ва санъати.-1991.-18 янв. №3
4. Дустқораев Б. Чулпон: газета-еттинчи давлат. (Чулпон ҳақида) // Ўзбекистон адабиёти ва санъати.-2004 -22 окт. №42



Қолланбаны жазган: В. Танирбергенова

Редакторлаған: З. Сапарова